

POLITIK EKITE ETNIK AK RASYAL

Prensip Jeneral	<p>Komisyon Konsèy Lekòl Providence la kwè tout elèv yo ka aprann nan yon nivo ki wo. Sa a mande pou tout elèv gen aksè ak yon anviwònman aprantisaj kalite siperyè, ki reponn epi soutni kiltirèlman kote edikatè yo <u>apresye potansyèl kiltirèl ak kontèks elèv yo pou angaje yo nan aprantisai la.</u> <u>Nan anviwònman sa yo, edikatè yo apresye, respekte epi soutni divèsite rasyal ak divèsite etnik, yo rekonèt lè yo fè sa a, y ap kreye opòtinite ekitab pou tout elèv yo angaje tèt yo, sitwayen mondal ki nan pozisyon pou reyalize objektif inivèsite ak/oswa karyè yo.</u> Komisyon konsèy la kwè yo dwe entegre ekite nan tout politik ak pratik edikatif ak espas travay nan Distri Lekòl Biblik Providence la (“PPSD” oswa “Distri” a).</p>
OBJEKTIF AK KONTÈKS	<p>Objektif Politik Ekite Rasyal ak Etnik la se pou kenbe Distri a responsab pou yon seri atant fòmalize ki gen ladan:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Elimine baryè ki lakòz ak/oswa ankouraje diferans yo 2. Kreye sistèm ak estrikti ki sipòte divèsite elèv k ap aprann nou yo 3. Ofri aprantisaj pwofesyonèl pou tout anplwaye PPSD yo pou devlope, sipòte epi soutni anviwònman aprantisaj ki reponn ak kilti a 4. Kreye estrikti pou opinyon, nivo otonòm ak defans elèv la 5. Respekte fanmi ak ajans kominotè a 6. Sèvi ak yon zouti pou fè apwòch ekite pou tout desizyon ki gen rapò ak distri ak lekòl la 7. Fè kontwòl regilye sou ekite ki kalitatif epi kantitif pou lekòl yo ak biwo santral yo epi bay yon rapò piblik ki disponib, detaye bay Komisyon Konsèy Lekòl la <p>Règleman an bay kontèks ak kad ki nesesè pou defini estrateji pou anplwaye PPSD yo pou egzamine kijan ras, lang ak kilti afekte pratik nan tout distri ak reyisit akademik, atravè itilizasyon endikatè tankou: nòt salklas, done sosyal-emosyonèl ak kilti lekòl la, done sondaj fanmi ak kominote a, done evalyasyon eta ak distri a, referans konpòtman, pouvantaj gradyasyon, enskripsyon ak fini kou avanse, pouvantaj sispansyon ak prezans.</p> <p>Sipètentandan an ak/oswa Biwo Ekite ak Apatenans pral devlope règleman administratif ki pral bay detay pou aplikasyon Règleman Ekite Rasyal ak Etnik la.</p>
DEFINISYON	<p><i>REMAK: Lang ak definisyon evolye ak tan an epi mo yo kenbe siyifikasyon varye selon kote yo itilize yo, ki jan yo itilize yo ak ki moun ki itilize yo. Definisyon ki nan lis yo la a kòm yon entwodiksyon pou règleman sa a.</i></p>

	<p>Responsabilite: Responsabilite se aksepte responsabilite pou aksyon yon òganizasyon. Sa a mande volonte yon moun pou l transparan, pèmèt lòt moun obsève òganizasyon an epi evalye l.</p> <p>Prejije (eksplisit ak enplisit): yon tandans pou kwè kèk moun, lide, elatriye, pi bon pase lòt moun, sa a ki anjeneral lakòz yo trete kèk moun enjisteman.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Prejije eksplisit (oswa prejije volontè): Li gen rapò ak atitud ak kwayans nou genyen sou yon moun oswa yon gwooup moun volontèman. 2. Prejije enplisit (oswa prejije envelopontè): Li vle di lè nou gen atitud kont moun oswa lè nou asosye estereyotip ak yo san nou pa konnen yo. <p>Kilti: Definisyon kilti se moun ak kominate yo ki defini l epi li ka gen ladan tout fason lavi ki gen ladan atizay, kwayans ak enstisyon nan yon popilasyon ki pase soti nan yon jenerasyon ale nan yon lòt. Yo rele kilti "chemen lavi pou tout yon sosyete". Lè sa a, li gen ladan l kòd konduit, fason abiye, lang, reliyon, rityèl ak atizay.</p> <p>Edikatè ki responsab kiltirèlman: Edikatè ki reflechi sou fason pwòp idantite yo, eksperyans yo ak kontèks kiltirèl yo gen enpak sou ansèyman yo. Nan anviwònman aprantisaj ki reponn ak kilti, edikatè yo batí relasyon ak elèv yo, apresye potansyèl kiltirèl yo genyen epi sèvi ak kontèks kiltirèl elèv yo pou angaje yo nan aprantisaj ki gen rapò ak lavi yo. Sa a ede elèv yo vin elèv k ap aprann ki plis endepandan. Li bay moun k ap aprann yo opòtinite aprantisaj estanda ki awopriye pou klas yo ki onore istwa yo, kilti yo, lang yo ak fason inik konesans yo.</p> <p>Ansèyman ki responsab kiltirèlman: Yon apwòch ansèyman ki rekonèt epi itilize chema kiltirèl elèv yo oswa fon konesans pou angaje aprantisaj epi ede ba yo "jarèt" yo bezwen pou pote chay entèlekyèl la.</p> <p>Anplwaye: Tèm "anplwaye" a fè referans ak tout anplwaye komisyon konsèy lekòl la nonmen, ki gen ladan ni sa yo ki ak yon kontra travay endividiyèl, akò negosyasyon kolektif ak kontra pèfòmans yo.</p> <p>Ekite: Li gen rapò ak kalite jistis, ekite ak san patipri. Pratik ekite pran an konsiderasyon bezwen endividiyèl ak kontèks pou rezoud koze dezekilib oswa baryè sistemik yo.</p> <p>Konsèy Konsilitatif Ekite (Distri): Yon gwooup moun ki gen enterè (elèv, anplwaye, famili, elatriye), kote manm yo reprezante divès ras ak etnisite nan Distri a. Objektif gwooup sa a se fè yo tandé vwa divès kominate nou</p>
--	--

	<p>yo nan konseye anplwaye Distri a, bay opinyon epi ede yo prioyize jefò nan zafè ekite, règleman, estrateji ak envestisman nan tout distri a.</p> <p>Kontwòl Ekite (yo): Egzamen sistematik done ki disponib yo ak opinyon ekspè sou kijan divès gwoup—espesyalman moun ki fè fas ak inegalite oswa diferans yo— ka oswa gen chans pou afekte pa yon règleman, pwogram oswa pwosesis. Yo itilize yon kontwòl ekite kòm yon resous pou ede òganizasyon yo fè revizyon ekite ki konplè. Evalyasyon òganizasyonèl kalitatif ak kantitif revize pratik, ak pwotokòl yo nan nivo lekòl ak biwo santral yo, nan kolekte ak analize enfòmasyon. Yo ta dwe fè kontwòl pwolonje nan tout distri a chak kat lane, kontwòl klima ak kilti nan tout distri a chak lane ak kontwòl pwogram chak 3-6 lane. Evalyasyon sa yo gen ladan plizyè pwosesis ki baze sou done pou detèmine nan ki pwen distri lekòl yo, tankou PPSD ajijis, ekitab ak san patipri ak chak manm kominote li a.</p> <p>Ekip Lidèchip Ekite (ki baze nan lekòl la): Yon ekip moun (elèv, anplwaye, fanmi, elatriye) nan nivo lekòl la, ki gen objektif pou batì konfyans kominote a ak konsyans rasyal, kiltirèl ak etnik, epi kreye chanjman ki gen enpak pozitif sou elèv yo ak fanmi yo.</p> <p>Apwòch Ekite: Yon pwosesis, zouti oswa vizyon pou analize enpak konsepsyón ak aplikasyon règleman ak pwosedi sou moun ak gwoup moun yo mal sèvi epi majinalize, epi pou idantifye epi eliminate potansyèlman baryè yo.</p> <p>Etnisite: Idantite kiltirèl yon moun, li chwazi oswa aprann nan kilti li, fanmi oswa desandan li yo (egzanp Yon moun ta ka Nwa men li idantifye l kiltirèlman kòm Italyen).</p> <p>Lang: Yon sistèm senbòl konvansyonèl pale, manyèl (siyen), oswa alekri lèzòm, kòm manm nan yon gwoup sosyal epi patisipan nan kilti yo, itilize pou eksprime tèt yo. Fonksyon lang yo gen ladan komunikasyon, ekspresyon idantite, jwe, ekspresyon imajinè ak liberasyon emosyonèl.</p> <p>Moun koulè: Yon fason pou dekri moun Ozetazini yo pa konsidere kòm blan.</p> <p>Ras: Yon sistèm kategorizasyon ki toujou la epi ak defo ki te varye tout tan epi ki baze san okenn rezon sou yon kombinezon karakteristik ki gen ladan koulè po ak karakteristik fenotip yo. Biwo Resansman Etazini itilize kategori rasyal sa yo "...jeneralman reflete yon definisyon sosyal nan ras yo rekonèt nan peyi sa amen se pa yon tantativ pou defini ras byolojikman, antwopolojikman oswa jenetikman. Anplis sa a, yo rekonèt kategori eleman ras la gen ladan orijin rasyal ak orijin nasyonal oswa gwoup sosyo-kiltirèl yo. Moun yo ka chwazi rapòte plis pase yon ras pou</p>
--	---

	<p>endike melanj rasyal yo, tankou "Endyen Ameriken" ak "Blan." Moun ki idantifye orijin yo kòm Ispanik, Latino oswa Panyòl ka soti nan nenpòt ras.¹</p> <p>Endyen Ameriken oswa natif natal Alaska – Yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan pèp orijinal nan Amerik pati Nò a ak Amerik pati Sid la (ki gen ladan Amerik Santral) epi ki kenbe afilyasyon tribi oswa atachman ak kominote a.</p> <p>Azyatik – Yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan pèp orijinal nan Ekstrèm Oryan an, Azi Sidès, oswa soukontinan Endyen an ki gen ladan, pa egzanp, Kanbòdj, Lachin, peyi Zend, Japon, Kore, Malezi, Pakistan, Zile Filipin yo, Taylann ak Vyetnam.</p> <p>Nwa oswa Afwoameriken – Yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan gwoup rasyal Nwa nan Lafrik.</p> <p>Hispanic oswa Latino² – Yon moun Kiben, Meksiken, Pòtoriken, Ameriken pati Sid oswa pati Sant, oswa lòt kilti oswa orijin Espanyòl malgre ras la.</p> <p>Miltirasyal– Moun ki idantifye tèt yo kòm plis pase yon ras.</p> <p>Natif natal Awayi oswa Lòt Zile Pasifik – Yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan pèp orijinal nan Awayi, Guam, Samoa oswa lòt zile Pasifik yo.</p> <p>Blan – Yon moun ki gen orijin nan nenpòt nan pèp orijinal nan Ewòp, Mwayen Oryan an, oswa Afrik pati Nò a.</p> <p>Diferans rasyal: Tèm sa a fè referans ak dezekilib ak enkonpetans ki genyen ant tretman gwoup rasyal yo, ki gen ladan estati ekonomik, revni, opsyon lojman, tretman sosyal, sekirite, ak yon miryad lòt aspè nan lavi a ak sosyete a.</p> <p>Divèsite rasyal: Yon varyete idantite rasyal oswa karakteristik (egzanp: Afwoameriken, Ameriken natif natal, Latinx). Divèsite se yon mezi kantitatif nan reprezantasyon³.</p> <p>Rasis (endividyèl, enstitisyonèl ak estriktirèl): Sistèm pouvwa ak avantage ki gen rasin istorik ki baze sou ras ki ka kenbe kwayansdiferan ras genyen karakteristik, kapasite oswa kalite diferan, espesyalman yon fason</p>
--	---

¹ US Census Bureau, "About the Topic of Race," <https://www.census.gov/topics/population/race/about.html>.

² US Census Bureau, "About the Hispanic Population and its Origin,"

<https://www.census.gov/topics/population/hispanic-origin/about.html>.

³ Race Forward, "What is Racial Equity?," <https://www.raceforward.org/about/what-is-racial-equity-key-concepts>.

	<p>pou distenge yo kòm enferyè oswa siperyè youn ak lòt. Yo ka konprann diferan nivo rasis nan kad sa a ⁴:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Rasis endividyèl gen ladan rasis entèn ak rasis entèpèsonèl. <ol style="list-style-type: none"> a. Rasis entèn nan se <i>nan moun nan li ye</i>. Sa yo se kwayans pèsonèl ak prejije sou ras ki anndan pwòp lespri ak kò moun nan. b. Rasis entèpèsonèl rive <i>ant moun</i>. Prejije, fanatic ak diskriminasyon ki baze sou ras. Lè moun vini kwayans pèsonèl yo sou ras nan entèraksyon yo ak lòt moun, yo antre nan domèn entèpèsonèl la. Egzanp: ekspresyon piblik prejije ak rayisans, mikwo-agresyon, prejije ak fanatic ant moun. 2. Rasis sistemik la gen ladan rasis enstitisyonèl ak rasis estriktirèl. <ol style="list-style-type: none"> a. Rasis enstitisyonèl rive <i>nan enstitisyon yo</i>, epi li gen ladan règleman, pratik, pwosedi ak rezulta enjis [ki baze sou ras], si li entansyonèl oswa li pa entansyonèl. b. Rasis estriktirèl fè referans ak inegalite rasyal atravè enstitisyon, règleman, estrikti sosyal, istwa ak kilti. Rasis estriktirèl mete aksan sou fason rasis fonksyone kòm yon sistèm pouvwa ak plizyè eleman konekte, nan ranfòse, kenbe pou kont yo eleman ki lakòz inegalite rasyal atravè tout endikatè pou siksè yo. Rasis estriktirèl se inegalite rasyal ki byen anrasinen epi ki entegre nan istwa ak kilti nou yo ak sistèm ekonomik, politik ak legal nou yo.
DAT REVIZYON	Mas 2023
KONSIY	<p>Kad Ekite PPSD a gen de kategori sa yo: Responsablite ak Transparans, Kilti, Klima & Apatenans, Ajans Fanmi ak Kominote, Sipò ak Otonomizasyon Elèv yo, ak Ansèyman ak Aprantisaj Kiltirèl Responsab. Kategori sa yo ankadre konsiy règleman Egalite Rasyal ak Etnik PPSD yo. Sipèèntandan an ak/oswa Biwo Ekite ak Apatenans la pral devlope règleman administratif ki pral bay bon jan detay pou aplikasyon (ak kenbe) Règleman Ekite Rasyal ak Etnik la. Regleman yo pral abòde chak domèn sa yo:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Transparans ak Responsablite <ol style="list-style-type: none"> a. Biwo Ekite ak Apatenans la pral kreye epi konvoke yon Konsèy Konsilitatif Ekite PPSD, k ap gen tout moun ki gen enterè yo (elèv, anplwaye, fanmi, elatriye), kote manm yo reprezante divès ras ak etnisite nan Distri a. Objektif gwoup sa a se fè yo tandé vwa divès kominote nou yo nan

⁴ Race Forward, "What are the different levels of racism?" <https://www.raceforward.org/about/what-is-racial-equity-key-concepts>.

- konseye anplwaye Distri a, bay opinyon epi ede yo priyozie jefò nan zafè ekite, règleman, estrateji ak envestisman nan tout distri a
- i. Biwo Ekite ak Apatenans la, ansanm ak Konsèy Konsiltatif Ekite a, kreye yon kad ekite (ki enfòme pa Ekip Lidèchip Ekite ki baze nan lekòl la ak pi bon pratik leta ak nasyonal).
 - ii. Biwo Ekite ak Apatenans la, ansanm ak Konsèy Konsiltatif Ekite a, pral revize ekite pwogram yo, sistèm yo ak pwosedi yo, (règleman, pwogram, pwogram ak inisyativ) nan tout distri a, avèk yon zouti pou fè apwòch ekite. Sipèntandan an pral fè kontwòl ekite kalitatif ak kantitatif pou lekòl yo ak biwo santral yo. Sa a gen ladan:
 1. Kontwòl klima ak kilti nan tout distri a chak ane lekòl la
 2. Kontwòl pwogram yo chak 3-6 lane
 3. Kontwòl konplè nan tout Distri a chak 4 lane
 - b. Siveye ak evalye ekite ak etik nan tout pratik operasyonèl Distri a, an aliyman ak [Règleman EEO ak Aksyon Afimatif Distri a ak règleman Plan, Tit IX, Règleman Non-diskriminasyon pou elèv Transjan ak Sèks Ekspansif yo, Règleman Tranzisyon Espas Travay pa rapò ak Jan yon moun, Règleman Entimidasyon & Asèlman, Kòd Konduit Elèv](#) ak lòt règleman ki gen rapò
 - c. Bay resous ak sipò pou anplwaye yo devlope konesans pwofesyonèl, konsyantizasyon kiltirèl ak atant kontinyèl pou idantifye epi rezoud inegalite yo.
 - d. Modèl ekite nan pratik pwofesyonèl ak operasyonèl ki gen ladan devlopman sistèm responsablite ak mezi

2. Kilti, Klima & Apatenans

- a. Rekrite, anplwaye, sipòte, avanse, kenbe epi toujou kontinye devlope yon mendèv pwofesyonèl ki gen konsyans sou zafè ras epi ki konpetan kiltirèlman; priyozie aprantisaj pwofesyonèl pou tout anplwaye PPSD yo pou konstwi yon kilti ak klima pozitif.
- b. Defini objektif koutèm ak lontèm pou rekrite, anplwaye, sipòte, avanse, retni epi kontinye devlope yon mendèv ki reflete divèsite rasyal ak divèsite etnik elèv Distri a ap sèvi
- c. Priyozie efò pou kreye epi kenbe aprantisaj ki bay sipò, ki byen chita ak anviwònman travay kote elèv yo, anplwaye yo, fanmi yo ak moun k ap bay swen yo santi yo aksepte

- ak yon santiman yo fè pati anviwònman an, afime idantite yo, epi san danje, ni fizikman ni emosyonèlman
- d. Priyorate kominote k ap kiltive ki afime divèsite nan idantite rasyal ak etnik yo, ki gen ladan idantite entèseksonèl ki gen rapò ak koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, relijon, idantite oswa ekspresyon sèks, oriin nasyonal oswa andikap, atravè pwogram, pwogramasyon ak sèvis sipò yo

3. Ajans Fanmi ak Kominote

Biwo Ekite ak Apatenans pral fè patenarya ak Biwo Angajman Fanmi ak Kominote (FACE, an anglè) pou:

- a. Angaje fanmi ak aktè kominotè yo avèk manm pèsonèl yo ak elèv yo nan lokal lekòl yo nan devlopman patenarya ki efikas ant fwaye a, lekòl la ak kominote a
- b. Atravè patisipasyon nan Konsèy Konsiltatif Ekite Distri a ak Ekip Lidèchip Ekite ki baze nan lekòl la, òganizasyon kominotè yo pral bay divès pèspектив kiltirèl pou egzamine epi rezoud pwoblèm ekite chak kou yo parèt
 - i. Angaje resous Distri a pou sipòte kolaborasyon ant òganizasyon kominotè yo ak fanmi yo nan jefò ekite kontinyèl yo
- c. Kenbe yon anyè santral resous ak sèvis sipò pou facilite aksè pou fanmi yo, ni nan PPSD ni atravè òganizasyon kominotè yo
- d. Bay paran/fanmi ak Distri a edikasyon resipwòk alantou sijè espesifik ki enpòtan yo ki gen rapò ak edikasyon ak misyon Distri a
- e. Kenbe estrateji kominikasyon ki transparan epi aksesib ki reponn ak bezwen endividye, gwooup moun ki gen enterè yo, ak nan tout kominote a, nan plizyè lang ak fòma

4. Sipò ak Otonomizasyon Elèv la

- a. Chèche pou fè yo tandé vwa elèv yo nan nivo lekòl la ak Distri a epi ba yo mwayen pou yo eksprime yo
- b. Priyorate aksè ekitab nan sipò sante mantal ki konfòm
- c. Asire pou genyen sistèm yo kreye epi ki la a pou reponn ak bezwen konpòtman ni elèv yo ni gramoun yo pou yo sipòte devlopman an sante sosyal ak emosyonèl elèv la
- d. Kreye estrikti transparan nan nivo distri a ak lekòl la, ki bay elèv yo opòtinite pou angaje yo nan devlopman kominotè ak devlopman pèsonèl

5. Ansèyman ak Aprantisaj ki adapte ak Kilti epi k ap dire

	<ul style="list-style-type: none"> a. Ogmante konesans, konpetans ak kapasite pwofesyonèl fakilte a ak anplwaye yo pou anseye yon fason efikas yon popilasyon elèv divès ras ak etnisite b. Entansyonèlman chèche epi enkli divès pespektiv rasyal ak etnik nan devlopman ak aplikasyon pratik ansèyman ak pratik aprantisaj ki adapte sou plan kiltirèl ak pwogram etid c. Asire yon anviwònman lekòl solid ki pozitif epi ki solid sou plan akademik ki angaje tout elèv yo d. Kolabore ak kolèg pou kreye epi aplike pratik pedagojik pèsonalize ki adapte sou plan kiltirèl, pwogram etid ak evalyasyon e. Aplike pratik ki mennen nan rezulta ekitab ant elèv ki genyen diferan pase rasyal ak pase etnik f. Angaje nan devlopman pwofesyonèl kontinyèl (defini/aplike/mande) ki fèt pou: bay yon konpreyansyon sou fason moun aprann, prejije enplisit, pratik ansèyman ki reponn kiltirèlman, lidèchip ki konsantre sou ekite, rasis sistemik, diferansyasyon ak ansèyman pèsonalize; pou edikatè yo ka satisfè bezwen yon popilasyon elèv divès
ESTRATEJI APLIKASYON	<p>Estrateji aplikasyon sa yo reflete Estrikti Ekite Rasyal ak Etnik PPSD a. Sipèéntandan an ak/oswa Biwo Ekite ak Apatenans pral devlope Règleman Administratif yo. Règleman sa yo pral bay plis detay pou aplikasyon konplè Règleman Ekite Rasyal ak Etnik la. Regleman yo pral abòde chak domèn sa yo:</p> <p>1. Chanjman Enstitisyonèl</p> <p>PPSD pral kondwi chanjman enstitisyonèl la pandan I ap nòmalize, òganize epi fè travay ekite rasyal ak ekite etnik.</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Nòmalize: PPSD pral entegre yon kad rasyal ak etnik nan tout desizyon k ap pran. b. Òganize: Devlope patenarya ak enstitisyon ak kominote yo epi bati kapasite òganizasyonèl ki pèmèt tout manm kominote PPSD yo kreye chanjman c. Fè travay: Aplike zouti ekite rasyal pou chanje règleman, pwogram ak pratik nan tout Distri a, nan tout depatman yo, ki kreye inegalite <p>2. Devlope pratik ki baze sou rechèch</p> <p>Biwo Ekite ak Apatenans pral itilize zouti pou fè apwòch ekite a ak plizyè fòm done pou devlope règleman ak pratik ekitab nan tout Distri a. Anplis sa a, Biwo a pral angaje nan travay ak moun kle ki gen enterè yo (elèv yo, fanmi yo, pwofesè yo, anplwaye yo, manm kominote a, elatriye) pou asire transparans ak responsabilite epi pou anpeche refi a nan kominote nou an.</p>

- a. Chèche epi enkli divès pèspektiv rasyal ak etnik nan tout etap devlopman règleman yo
- b. Chèche pratik ki baze sou prèv ak modèl ki egziste deja
- c. Fè plan evalyasyon ekspre pou responsabilite nan tout nivo (distri, depatman, lekòl ak moun)
- d. Kominike epi aplike pratik yo apwouve ki mennen nan rezulta ekitab ant elèv ki genyen diferan pase rasyal ak pase etnik
- e. Kreye opòtinite fidbak pou manm kominote a
- f. Mete moun ki gen enterè nan kominote a ki gen divès pèspektiv Kiltirèl pou idantifye pwoblèm potansyèl yo jan yo parèt la

3. Pale sou ras

PPSD pral devlope epi pataje zouti pou pale sou ras ak etnisite. Zouti sa yo pral rekonèt enfliyans istorik, enstitisyonèl, sistemik ak entèpèsonèl ki te majinalize moun pa rapò ak ras ak etnisite yo.

- a. Bati yon kowalisyon fanmi, elèv, anplwaye ak moun ki gen enterè nan kominote a pou devlope gwo sipò pou dyalòg onèt san kache anyen ki angaje epi fasilité konpreyansyon konsènan pwoblèm ki gen rapò ak ekite rasyal ak ekite etnik
- b. Chèche epi enkli divès pespektiv rasyal ak etnik nan devlopman ak aplikasyon ansèyman ak pratik aprantisaj ki adapte sou plan kiltirèl ak pwogram etid
- c. Angaje fanmi ak moun ki gen enterè nan kominote a avèk manm pèsonèl yo ak elèv yo nan lokal lekòl yo nan devlopman patenarya ki efikas ant fwaye, lekòl la ak kominote a
- d. Devlope fòmasyon pou pèmèt anplwaye administratif nan tout nivo yo sèvi ak vwa yo pou enflianse ekite rasyal ak etnik
- e. Separasyon done ak fason nou kolekte enfòmasyon elèv, fanmi ak anplwaye yo pou afime divèsite rasyal ak etnik nan PPSD.⁵

4. Konstriksyon Kapasite

PPSD pral bati kapasite lidèchip atravè divès kowalisyon, devlopman lidèchip, ak aprantisaj pwofesyonèl pou asire yon anviwònman lekòl pozitif epi ki rijid akademikman k ap angaje *chak* elèv. Sa a ap genyen ladan men li pa limite ak sa yo:

⁵ Cross-reference “All Students Count Act (ASCA),” [RI General Assembly](#), 2017.

	<ul style="list-style-type: none"> a. Rekrite, anplwaye, entegre, sipòte, avanse, retni epi toujou kontinye devlope yon mendèv pwofesyonèl ki konsyan sou plan rasyal epi ki konpetan sou plan kiltirèl. b. Defini objektif koutèm ak lontèm pou rekrite, anplwaye, sipòte, avanse, retni epi kontinye devlope yon mendèv ki reflete divèsite rasyal ak divèsite etnik elèv ke Distri a sèvi c. Kolabore ak kolèg pou kreye epi aplike pratik pedagojik pèsonalize ki adapte sou plan kiltirèl, pwogram etid ak evalyasyon d. Bay elèv yo ak fanmi yo pouwva ak opòtinite lidèchip ak angajman e. Etabli Ekip Lidèchip Ekite nan chak biling lekòl nan tout distri a
FUÒMASYON, SIPÈVIZYON AK KOMINIKASYON	Sipè-entandan an responsab pou devlope epi aplike yon plan Ekite Rasyal ak Ekite Etnik nan tout Distri a, avèk mezi responsablite ki klè k ap mezire rezulta ki ekitab pou tout elèv PPSD yo. Sipè-entandan an ak/oswa Biwo Ekite ak Apatenans la pral rapòte plan ekite a ak rezulta yo bay Komisyon Konsèy Lekòl Providence la ak kominote a, nan fen chak ane lekòl.
KONFÒMITE AVÈK LALWA, EKZIJANS KONFIDANSYALITE	Sipè-entandan an pral asire ke tout manm pèsonèl PPSD yo ak tout kontraktyèl PPSD yo respekte tout lwa, règ, ak règleman ki aplikab yo, epi avèk tout Politik Komisyon an. Sizoka nenpòt nan pati nan nenpòt politik la ilegal, Sipè-entandan an pral deklare evènman sa a bay Komisyon an osito posib epi li pral mande Komisyon an pou fè yon modifikasyon nan politik sa a.
REFERANS	<p>Providence Males of Color Initiative</p> <p>Règleman <u>EEO and Affirmative Action Policy and Plan</u></p> <p>Title IX,</p> <p>Règleman <u>Nondiscrimination Policy for Transgender and Gender Expansive Students,</u></p> <p><u>Workplace Gender Transition,</u></p> <p>Règleman <u>Bullying & Harassment,</u></p> <p><u>Student Code of Conduct</u></p> <p>Règleman evalyasyon PPSD</p> <p>Building for equity framework and drivers. (2023). (CCE) Center for Collaborative Education. https://www.cce.org/equityguide/building-for-equity-evaluation-scaling-for-equitable-outcomes</p>

	<p>Equitable learning environments / equity excellence engagement. (2023). https://www.atlantapublicschools.us/Page/http%3A%2F%2Fwww.atlantapublicschools.us%2Fsite%2Fdefault.aspx%3FPageID%3D66012</p> <p>Equity. (2023). https://www.cps.edu/sites/equity/</p> <p>Framework—Farmington public schools. (2022) https://www.fpsct.org/departments/curriculum-instruction/equity-old/framework</p> <p>Race forward.(2023). https://www.raceforward.org/</p>
LISTWA	<p><i>Evalyasyon komite règleman: 1 Me 2017; 19 Jen 2017 Apwouve pa Komisyon Konsèy: 2 Dawout 2017</i></p>